

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kahirupan manusa teu leupas tina kabudayaan. Demi gelarna kabudayaan téh lantaran ayana pamikiran-pamikiran manusa anu terus mekar jeung sinambung dina segi nyiptakeun hiji karya pikeun ngahontal kasempurnaan hirupna. Tapi dina émprona, teu sakabéh manusa engeuh kana kahirupan dirina salaku individu nu miboga peran jeung kapentingan dina kahirupan masarakat. Teu kurang-kurang ogé masarakat anu bisa ngagelarkeun hiji kabudayaan di lingkungan masarakatna sorangan. Loba manusa anu teu sadar kana hal éta, maranéhna ngan saukur nuturkeun parobahan jaman, tapi teu ngarti kana maksud jeung tujuanana (Raga, 2007:18).

Hal éta bisa katitén lamun disawang tina salasahiji wangenan kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1990: 20), nya éta:

“Kebudayaan menurut asal katanya berasal dari bahasa Sansakerta yaitu “budhayah” merupakan bentuk jamak dari “budhi” yang berarti budi atau akal. Jadi, kebudayaan itu adalah hasil budi atau akal manusia untuk mencapai kesempurnaan hidup”.

Cindekna, kabudayaan téh bisa dihartikeun sakumna sistem gagasan, tindakan, jeung hasil karya manusa dina rangka kahirupan masarakat anu dijadikeun milik diri manusa ku cara diajar.

Ditilik tina sawangan sosiologis, yén kabudayaan téh miboga harti anu kacida legana nya éta ngawengku sakabéh hasil cipta, rasa, karsa jeung karya

manusa, anu bentukna materil atawa nonmaterial. Anu dimaksud budaya materil nya éta hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa anu katempo hasilna, jeung katempo bungkeuleukanana, contona waé gedong atawa wangunan, jalan, imah adat, upacara adat, jrrd. Sedengkeun anu dimaksud budaya nonmateril nya éta hasil cipta, rasa, karya jeung karsa manusa anu euweuh bungkeuleukan wujudna, contona adat-istiadat, pangaweruh, sistem kapercayaan, jrrd (Raga, 2007: 28).

Koentjaraningrat (1990: 2) nétélakeun, yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal*, nya éta: 1) sistem kapercayaan atawa réligi, 2) sistem jeung organisasi masarakat, 3) organisasi pangaweruh, 4) sistem basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téhnologi. Tina tujuh unsur *universal* ngajanggélék dina tilu wujud kabudayaan anu ngawengku sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activities*), jeung unsur-unsur budaya fisik (*artefak*).

Tina tujuh unsur *universal* kabudayaan, sistem kapercayaan atawa réligi miboga wujud salaku hiji sistem kayakinan atawa kapercayaan ka Gusti, déwa, roh, naraka, sawarga, jrrd. Salian ti éta, sistem kapercayaan ngajanggélék dina upacara-upacara, kasenian, jeung ritual, boh anu sok dipintonkeun (rutin) boh nu kakapeungan (insidéntal). Sistem kapercayaan atawa réligi ngajanggélék dina wangun pintonan gerakan, wangun barang-barang nu disucikeun atawa dikaramatkeun salaku *property* atawa alat-alat dina ritual.

Tina tujuh unsur *universal* kabudayaan anu aya patalina jeung sistem kapercayaan atawa réligi, nya éta kasenian. Nurutkeun Raga (2007: 38) nétélakeun yén, kasenian mangrupa alat pikeun ngaéksprésikeun ide-ide, ajén-ajén, cita-cita, jeung perasaan. Kasenian nu tumuwuh jeung mekar di masarakat

sipatna sosio-réligius. Hartina, kasenian teu bisa dipisahkeun jeung kahirupan sosial sarta pikeun kapentingan nu aya kaitanana jeung kapercayaan atawa kayakinan masarakat (Sujarno spk, 2003: 13).

Kasenian Tarawangsa mangrupa salasahiji kasenian nu aya di tatar Sunda. Kasenian Tarawangsa ogé miboga maksud jeung tujuan nu tangtu. Tarawangsa téh mangrupa salasahiji waditra kasenian Sunda. Tapi masarakat Désa Rancakalong geus nganggap Tarawangsa salaku salasahiji kasenian has nu aya di daérahna. Kasenian Tarawangsa dipidangkeun dina acara-acara ritual panén, muludan, kawinan, sunatan, jeung ruwatan.

Dina kasenian Tarawangsa, pintonan téh dirojong ku sababaraha unsur, di antarana seni tari, seni sora, jeung seni musik anu gumulung jadi karya seni tradisional tur teu leupas tina ajén-ijén kasundaan.

Salian ti unsur kasenianana, dina Tarawangsa aya unsur séjén anu bisa dipedar, nya éta ajén falsafahna. Dina kasenian Tarawangsa aya ajén filosofis simbol jeung ajén mitos nu dipercaya ku masarakat, tur can kapaluruh sagemblengna. Naon-naon nu nyampak dina kasenian Tarawangsa tangtu miboga kasang tukang, maksud, jeung tujuan anu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol.

Pikeun nyangkem ma'na simbolik anu aya dina éta kasenian, tangtu waé kudu nyurahan ogé tanda-tandana. Demi élmu nu maluruh ngeunaan tanda nya éta sémiotik.

Kiwari, widang sémiotik salaku élmu tanda beuki populér jeung beuki ngalegaan. A. Teeuw (2003: 40) nétélakeun, yén widang garapan sémiotik lain

ngan semet ngulik élmu jeung sastra wungkul, tapi ogé aspék atawa pamarekan nu tangtu dina élmu seni (éstétika), antropologi budaya, filsafat, jeung nu lianna.

Patalina antara budaya jeung sémiotika, Dumazier jeung Ripert (Zoest, 1993: 124) nétélakeun yén tingkat kabudayaan nyoko dina simbol-simbol aféktif, kognitif, jeung konatif anu ngahubungkeun manusa jeung Gusti, manusa jeung dunya (alam), masarakat, jeung dirina sorangan dina mangsa peradaban nu tangtu.

Ku kituna, pikeun ngajéntrékeun hal di luhur sarta pikeun ngajawab rasa kapanasaran, ieu panalungtikan ngahaja dilaksanakeun di Désa Rancakalong Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang, lantaran hayang leuwih neuleuman ajén falsafah kabudayaan dina kasenian Tarawangsa. Saméméh ieu panalungtikan, geus aya panalungtikan ngeunaan Tarawangsa ku Ubun Kubarsah anu ayeuna geus jadi buku pangajaran anu dijudulan *Waditra (Mengenal Alat-alat Kesenian Jawa Barat)*. Patali jeung Tarawangsa, Ubun Kubarsah kungsi nalungtik ieu kasnian anu dijerona medar ngeunaan bahan, ma'na, jeung cara midangkeunana.

Sok sanajan objékna sarua, tapi puseur paniténa mah béda. Dina ieu panalungtikan, lain ngan ukur nalungtik prak-prakan acara wungkul, tapi ogé nyurahan simbol/ma'na anu nyangkaruk dina prak-prakkan jeung *properti* sangkan bisa maham ajén falsafah anu aya dina kasenian Tarawangsa.

Patali jeung ajén falsafah dina kasenian Tarawangsa, ieu skripsi dijudulan “Ajén Falsafah Kasenian Tarawangsa Désa Rancakalong Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang (Hiji Ulikan Sémiotik)”. Ieu judul téh dipilih ku lantaran can aya anu nalungtik.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan unsur budaya anu aya dina kasenian Tarawangsa téh lega pisan ti mimiti sajarah, prak-prakan, ajén-inajénna, pakakas, prosés *pewarisan*, jeung sajabana. Ku kituna, sangkan pedaran téh henteu méngpar jeung lega teuing, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan ngunaan gembleran prak-prakan, simbol-simbol anu aya dina *properti*, jeung ajén falsafah anu nyampak dina kasenian Tarawangsa. Dina ieu panalungtikan, maké titincakan tiori sémiotik pikeun nganalisisna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung pedaran di luhur, sangkan anu dianalisis jeung dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana, di handap ieu diébréhkeun rumusan masalahna, nya éta:

- 1) kumaha prak-prakan kasenian tarawangsa nu aya di Desa Rancakalong Kec. Rancakalong Kab. Sumedang?
- 2) pakakas (*properti*) naon waé nu dipaké dina kasenian Tarawangsa?
- 3) simbol-simbol naon waé anu nyampak dina prak-prakan jeung pakakas kasenian Tarawangsa?
- 4) kumaha ajén falsafah nu aya dina kasenian Tarawangsa?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina diayakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ajén falsafah anu aya dina Kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong Kec. Rancakalong Kab. Sumedang, numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian nu aya di masarakat.

1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) prak-prakan kasenian Tarawangsa Désa Rancakalong Kec. Rancakalong Kab. Sumedang;
- 2) pakakas (*properti*) anu dipaké dina kasenian Tarawangsa;
- 3) simbol-simbol anu nyampak dina prak-prakan jeung pakakas dina kasenian Tarawangsa;
- 4) ajén-ajén falsafah nu aya dina kasenian Tarawangsa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sawatara mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Sacara téoritis, hasil ieu panalungtikan dipiharep bias ngabeungharan hasil panalungtikan jeung méré pangaweruh ngeunaan kasenian Tarawangsa.
- 2) Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ngeunaan simbol/ma'na jeung ajén falsafah kasenian Tarawangsa pikeun urang Sunda.

1.5 Asumsi

Anu jadi asumsi dina ieu panalungtikan, diébréhkeun di handap ieu:

- 1) Kasenian Tarawangsa mangrupa hasil cipta, karya jeung karsa manusa Sunda nu gelarna geus heubeul, sarta kiwari masih dipikawanoh tur dipikaresep utamana ku masarakat Sunda;
- 2) Ku nalungtik kasenian Tarawangsa bisa ngajadikeun urang Sunda leuwih reueus kana budaya Sunda;
- 3) Kasenian katut ajén-inajénna mangrupa ulikan tina kabudayaan Sunda.

1.6 Wangenan Istilah

Sangkan leuwih jéntré jeung babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, perlu aya istilah-istilah anu digunakeun dina ieu judul. Demi istilah-istilah nu dimaksud, nya éta:

- 1) *Ajén*, nya éta *nilai* atawa harga;
- 2) *Filsafat*, nya éta élmu pangaweruh, ngeunaan alam nyata jeung ngabogaan tujuan pikeun nalungtik hakékat nu sabenerna (Al-Farabi dina Achmadi, 1997: 2).
- 3) *Kasenian* nya éta salah sahiji unsur tina tujuh unsur budaya sacara *universal*. Kasenian bisa dicindekkeun nya éta adu manis antara gagasan (*idea*), kagiatan sosial (*activities*), atawa laku lampah manusa dina kasenian, jeung benda-benda kasenian (*artefak*), salaku hasil jeung ngarojong kana kasenian;
- 4) *Tarawangsa* nya éta waditra gésék pangkolotna di daérah di Rancakalong,

Sumedang. Ieu Tarawangsa téh biasa disebut ngék-ngék. Di daérah Banten disebut Réndo ngan ukuranana leuwih leutik batan Tarawangsa. Dijieunna tina kayu, tilu kawat *dawai*, sok diadumaniskeun jeung kacapi parahu atawa calung rantay. Husus di daérah Rancakalong, Tarawangsa dipaénkeun jeung kacapi leutik, tujuh kawat, *dawai*, dina upacara netepkeun pare di leuit (Rosidi spk, 2000: 648);

- 5) *Sémiotik* nya éta sémiotik nya éta élmu ngeunaan tanda. Sémiotik ogé sok disebut sémiologi (*semiology*), asal kecap tina basa Yunani *semeion* anu hartina tanda, mirip jeung istilah sémiotik Lyons (dina Pateda, 2001: 28). Peirce nétélakeun tilu unsur nu aya dina sémiotik nya éta ikon, indéks, jeung simbol (Pradopo, 1995: 120).

1.7 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 1996: 150). Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngayakeun *pemeriksaan* jeung ngalakukeun *pengukuran-pengukuran* kana gejala émpirik anu ditalungtik (Fathoni, 2006: 100).

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén falsafah nu aya dina kasenian Tarawangsa. Ieu

panalungtikan museur kana prak-prakan, pakakas (*properti*), simbol-simbol dina prak-prakan, jeung pakakas anu digunakeun.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1.8 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu skripsi, nya éta:

1. BAB 1: Bubuka ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, asumsi, wangenan istilah, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu baris ditalungtik.
2. BAB II: Kajian Tiori
3. BAB III: Métode panalungtikan ngabahas ngeunaan sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, analisis data, jeung prosedur panalungtikan.
4. BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.
5. BAB V: Kacindekan jeung Saran.